

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Dina campur gaulna sakabéh manusa ngagunakeun basa, sabab ngaliwatan basa, bisa ngébréhkeun sagala pamaksudan. Basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004, kc. 6).

Basa Sunda mangrupa salasihiji basa daérah anu digunakeun pikeun alat komunikasi anu dipaké ku urang Sunda sacara turun tumurun. Basa Sunda miboga sababaraha ragam basa, saperti ragam dialék. Ayana ragam basa téh bisa jadi pasualan anyar, nyaéta kumaha kudu ngagunakeun basa di lingkungan masarakat.

Komo dina jaman globalisasi saperti ayeuna loba hal anu kapangaruhan ku jaman, kaasup kamekaran basa. Salasihiji pangaruh tina mekarna jaman keuna kana basa Sunda, réa kecap-kecap deungeun anu ka urang méré pangaruh positif jeung négatif. Pangaruh positif diantaranya bisa ngeuyeuban kandaga kecap dina basa Sunda. Hiji basa anu aya di sakuliah dunya moal tumuwuh saupama euweuh pangaruh ti basa séjén.

Éta pangaruh téh saterusna diolah numutkeun kapribadian urang Sunda, dipaké geusan mekarkeun budaya sorangan. Salian ti éta ayana kontak basa nu tumuwuh dina masarakat nu bisa narima anggota ti masarakat séjén. Ku kituna bisa muncul peristiwa kabasaan saperti alih kode, campur kode jeung interferensi nu tumuwuh di masarakat.

Dina campur kode panyatur ngagunakeun dua basa dina hiji komunikasi jeung masarakat. Thelander dina Chaer (2010, kc, 115) nétélakeun yén dina hiji peristiwa tutur aya klausa-klausa atawa frase-frase anu diwangun ku klausa jeung frase campuran (*hybrid clauses, hybrid phrases*) tapi fungsi tina sabagéan klausa jeung frase téh patukang tonggong, mangka peristiwa anu lumangsung nyaéta campur kode.

Campur kode lumangsung saupama panyatur basa Indonesia ngasupkeun unsur-unsur basa daérahna kana obrolan anu ngagunakeun basa Indonesia atawa sabalikna. Ciri pangonjoyna dina campur kode bisa katingali tina situasi nonformal.

Sanés hartina masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian, nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonesia anu beuki loba tur popular sarta dina basa Sunda tacan aya sawandana. Sabab nepi ka kitu téh lantaran media geus mopulérkeun kawilang réa pisan, boh media citak boh media éléktronik. Katambah deuih ku loba kasempetan nu sipatna resmi boh dina rapat-rapat boh dina lumangsungna prosés diajar-ngajar.

Di Indonesia hususna di Tatar Sunda tos mekar stasiun-stasiun televisi lokal anu midangkeun acara nu aya patalina jeung kasundaan tur basa panganteurna make basa Sunda, tapi teu saeutik ogé anu ngagunakeun basa Sunda dicampur ku basa Indonesia anu disebut campur kode téa.

Dumasar kana kaayaan jaman nu tangtu mangaruhan ogé kana kamekaran basa, kaasup basa Sunda anu kapangaruhan ku basa Indonesia nu disebut kamalayon. Komodeui dina siaran televisi anu can tangtu pamiarsana kabéh urang Sunda, éta hal nimbulkeun fénoména campur kode.

Aya sababaraha panalungtik dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan kontak basa saperti campur kode, alih kode, integrasi jsb. Sawatara contona skripsi meunang Rahmasari Aulia Khotimah anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode Basa Sunda jeung Basa Indonesia dina Kagiatan Diajar Kelas II SDN sentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih* (2010), Ade Herni Nurkolbi anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina*

*Pangalaman Siswa Kelas VII SMP 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012* (2011), Nita Novita Permatasari anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-radio 105.1 FM Bandung pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun* (2012), Dian Astriani anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang* (2013). Nanang Suhendar anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Nulis Karangan Esey Siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013* (2013).

Tina sababaraha judul panalungtikan anu geus aya, panalungtikan ngeunaan campur kode masih perlu dilaksanakeun. Sasaruana tina ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu geus aya nyaéta sarua nalungtik ngeunaan kasalahan makéna basa, hususna ngeunaan campur kode. Bédana ieu panalungtikan nyaéta dina sumberna, dina ieu panalungtikan nyokot sumber ti salasahiji acara televisi nya éta acara *Béntang Parahyangan* di Bandung TV, kumaha jeung nepi kamana campur kode basa Sunda jeung basa séjén nu lumangsung dina éta acara, can kungsi aya nu nalungtik.

Ku kituna, masih perlu panalungtikan perkara campur kode, éta sababna panalungtikan anu judulna “*Campur Kode dina Siaran Béntang Parahyangan Bandung TV*” dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan téh kudu diwatesanan, ngan medar wanda campur kode, wujud campur kode, dina acara TV Béntang Parahyangan unggal poé Rebo tabuh 14.30-16.00 WIB édisi bulan Oktober taun 2013.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang nu tos dipedar, masalah nu baris dipedar dina panalungtikan ieu nya éta:

- a. Kumaha wanda campur kode anu kapanggih dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV édisi Oktober 2013 ?
- b. Kumaha wujud campur kode anu kapanggih dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV édisi Oktober 2013 ?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh tur nganalisis campur kode nu kapanggih dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. Wanda campur kode dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV édisi Oktober 2013;
- b. Wujud campur kode dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV édisi Oktober 2013;

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Unggal panalungtikan tangtu miboga mangpaat, kitu ogé dina ieu panalungtikan. Mangpaat nu baris dihontal kabagi jadi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa mangpaat pikeun:

- a. Ngajembaran ambahan élmu sosiolinguistik minangka élmu ngeunaan basa katut nu makéna basa di masarakat;
- b. Mikanyaho kaayaan campur kodé nu lumangsung di masarakat Sunda;
- c. Nambahan pangaweruh dina hal kasundaan nu aya dina siaran televisi.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Lian ti sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep ogé miboga manfaat sacara praktis nyaéta:

- a. Pikeun panalungtik bisa nambahan pangaweruh ngeunaan masalah campur kodé;
- b. Pikeun masarakat, méré informasi ka masarakat yén campur kodé mangrupa masalah dina masarakat anu multilingual.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

**Bab I** mangrupa bab anu munggaran dina ieu skripsi. Bab hiji ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeun ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raga panulisan skripsi.

**Bab II** mangrupa bab anu medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan sacara jembar jeung leuwih jero. Bab dua ieu ngawengku kajian pustaka anu dijerona medar ngeunaan tiori kadwibasaan jeung campur kodé.

**Bab III** medar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, saperti sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

**Bab IV** anu ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran

**Bab V** anu ngawengku kacindekan jeung saran.